ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫЗЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№172 (21.330) ●2008 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тыгъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхьилъыр етыж

Аккаев Хьэжмурат Магомед и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и Къэрал комитетым «Спорт Iэзагъ нэхъ пIагъэ дыдэмкIэ школ» и къэрал Iуэхущ1апIэм и спортсменым-инструкторым, Пекин щIегъэкIа XXIX Олимп Джэгуэхэм атлетикэ хьэлъэмкIэ жэз медалыр къыщIэзыхьам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр яфIэщыж

Къардэн Анзор Хьэсэнбий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым олимп щIэблэ щагъэхьэзыр и республикэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школ хэкам альдж-урым бэнэкIэмкIэ и гъэсакIуэм-егъэджакIуэм

Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэм - Iуащхьэмахуэ районым ЩIалэгъуалэм, физкультурэм, туризмэм я IуэхущхьэмкIэ и комитетым и сабий-ныбжьыщIэ комплекс спорт школым атлетикэ хьэлъэмкIэ и гъэсакIуэ-егъэджакIуэ нэхъыжьым

Хьущт Аслъэнбэч Виталий и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым «Спорт Iэзагъ нэхъ пIагъэ дыдэмкIэ школ» и къэрал Iуэхущ1апIэм и спортсменым-инструкторым, Пекин щIегъэкIа XXIX Олимп Джэгуэхэм альдж-урым бэнэкIэмкIэ дыщэ медалыр къыщIэзыхьам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КъАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм шыщхьэIум и 30-м №89-УП



●Щапхъэ ятефх

Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, Кавказым, Урысейм ис лъэпкъхэр быдэу зэпащIэ Хьущт Аслъэнбэчрэ Аккаев Хьэжмуратрэ я зэныбжьэгъугъэм. Апхуэдэу щытын хуейщ олимпионхэм я зэхущытыкIэр. *Сурэтыр* КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Аслъэнбэчрэ Хьэжмуратрэ

Ди газетым зэрытетащи, фокIадэм и 1-м Театр ЩIхьуантIэм щагъэлъапIащ мы гъэм Олимп Джэгуэхэм альдж-урым бэнэкIэмкIэ чемпион щыхъуа Хьущт Аслъэнбэчрэ атлетикэ хьэлъэмкIэ жэз медалыр къыщIэзыхьа Аккаев Хьэжмуратрэ.

-КЪЭБЭРДЕЙ -Балъкъэр Республикэм и щIыхуэхэм си гуапэу сынывохъуэхъу КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ. Абы и щIыхьэр Налшык ди къэралым и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ икIи сытым дежи си гуапэщ фи деж сыщыхьэщIэну. Нэхъ гуапэж сщыхъуащ нобэ вгъэлъапIэ спортсменхэм я текIуэныгъэхэр. «Гладиатор» спорт клубыр илъэсипIЛм щIигъуауэ мэлажьэри, спортсмен лъэрызехьэ куэд игъэхьэзыращ, спорт лъагапIэ куэдми нэсащ. Дэ дыхущIокъу ди секIухэм ныбжьыщIэ нэхъыбэ къызэретщэлIэным икIи си фIэщ мэхъу, зэман дэкIмэ, Хьущтымрэ Аккаевымрэ хуэдэу, абыхэм я щIыхькIи мыпхуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэ куэд къызэрызэдгъэпэщыну, - жиIащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и дэIэпыкъуэгъу **Хъунсирокъуэ Назир.**

ГуфIэгъуэ пшыхьым къыщыдгъэлъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1, атлетикэ хьэлъэмкIэ республикэ федерацэм и тхьамадэ **Бечелов Ильяс.** Абы жиIащ ди спортсменхэм апхуэдэ екъулIэныгъэ зэрызыIэрагъэхьам икъукIэ зэрыщыгуфIыкIар, абыхэм КъэбэрдейБалъкъэрым, Урысей Федерацэм я мызакъуэу, дуней псом ди лъэпкъхэм я цIэр фIыкIэ зэрыщагъэIуар.

Спортсменхэм апхуэдэу екъуэхъуащ махуэшхуэм хэта, УФ-м атлетикэ хьэлъэмкIэ и федерацэм и унафэщ1ым и къуэдзэ **Сандалов Юрий.**

КъызэхуэсахэмIэгъауэщхуэ хуаIэташ спортсменхэм я анэхэу Хьущт Татьянэрэ Аккаевэ ФатIимэрэ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэр къеджащ спортсменхэм къехъуэхъуу къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIа телеграммэхэм. Къэрал Думэм и комитетым и унафэщ1 Васильев Юрий, УФ-м Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и министр Мутко Виталий, Кемеровскэ областым и губернатор Тулеев Аман сымэ я тхыгъэхэм къыхэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм апхуэдэ екъулIэныгъэхэр зэрызыIэрагъэхьам зэрыригушхуэр, адэкIи я зэфIэкIым хагъахъуэмэ зэрагуапэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка», «Балкария» къэрал къэфакIуэ, «Терские казаки» ансамблхэм, республикэ эстрадэм и артистхэу Хъупсырджэн Албэч, Батыр Мухьэдин, Ташло Алий, Сокъур Ольгэ, Хьыжрокъуэ СультIан, Шэрджэс Iэсият, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Текуев Амур сымэ, ягъэущIхэми.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●Дыгъуасэ

УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ ирегъакIуэкIащ республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр.

АБЫ щIЫЗЭПКЪРАХАЩ 2007-2008 гъэ еджэгъуэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьыгъэр зыхуэдамрэ зыщIадзэжа еджэгъуэщIэм къапэщыт къалэнхэмрэ я тетуехуа Iуэхугъуэхэр.

Зэхьхьэр къыщыщзэIуихым Къанокъуэ Арсен къыхихугъэщащ егъэджэныгъэм и Iэнатlэм зегъэужьыныр республикэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр.

Къызэхуэсахэр иужькIэ едэIуащ щIыз зэхьхьэм теухуауэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр **Щхьэгъэпсо Софарбий** ищIа отчетым.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэхэу **Тхьэзэплъыкъ Мурат, Дышэкl Мадинэ, Чеченов Ануар**, министрхэр, къэрал комитетхэмрэ къалэ, район администрацэхэм егъэджэныгъэ IуэхугъэмкIэ я къудамэхэмрэ я унафэщIхэр, ирагъэблагъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

ЩIызэгурыIуэркъым

Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм дыгъуасэ щытепсэлъыхьащ Куржым екъэщIыIа Iуэхум.

Президент Ющенкэ Виктор зи пащэ «Ди Украинэ» партым и фракцэм къыхилъхьат унафэу тIум я проект. Ящэм къыщыгъэлъэгъуат Урысейм иужь зэманым Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ ятеухуауэ ялэжьахэр хуабжьу мыхъумыщIагъэу, иKIащIыкIэ Куржым и щIыналъэр зыуэ зэрыщытыр зэфIэгъэувэжьын хуейуэ. Апхуэдэу ди къэралым и сэфэн зыхэлъхэр къызэпызыыдэ Iуэхуэхэр къыщыгъэлъэгъуат етIуанэ проектми. Арщхьэкlэ а партым и фракцэр утыкум кьинащ Тимошенкэ Юлие и блокым ар зэрыдимыIыгъыжынур жиIа иужь. ЩIыналъэхэм я партым и фракцэм и Iэтащхьэ Янукович Виктор къыхигъэщхьэхуKIащ властыр зыIэщIэлъхэм ялэжьхэр Украинэмрэ Урысейм я зэхущытыкIэхэм икъукIэ эран зэрыухэхьур. Ахэр ди сэфэн зыхэлъхэм езэгъыркъым, къыхигъэщхьэхуKIащ Янукович Виктор.

Радэ Нэхъыщхьэм и зэIущIэр иухыным куэд иIэжу белджылы хъуащ Президент Ющенкэ и политикэр депутатхэм зэрыдамыIыгъыр.

Къальытэну щогуГъ

Урысейм и лIыкIуэу Евроюнэм щыIэ Чижов Владимир жиIащ Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ зэрыщIэмытыр мыгувэу къэрал зыбжанэм къальытэну зэрыхъэзырыр.

Абы къриIуакым а къэралхэр сыт хуэдэми.

ПлIанэгъэ лъэхъэхъэмрэр ШАЛ I Мухьэмэдщ.

И къаур еух

Псори зыщыщынэ «Гуэтав» жьаящэщхуэм и къаур еух.

Иджы абы зы секундым метр 20 и псынщIагъыу аращ. Пэжщ, жьым къринухьа толькъунхэр США-м и Нью Орлеан къалэм щIэлъдащ, ауэ абыхэм зэранытъэ къашакъым. Арщхьэкlэ зи гугъу тщIы къалэм щытыкIэ ткIий щыщыIэщ. Абы щыхуэр дагъэхьэркъым. Iуэхущ1апIэ зэмылIужьыгъуэхэр, сатэ щIыпIэхэр зейхэм зэщIыныгъэу доллар меларди 8-м нэс ягъуэтауэ жаIэ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

- Катарым и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1971).
- Илъэс 55-рэ и пкIэ (1953) къару игъуэтащ Щыхум и щхьэзакъуэ хуитыныгъэхэмрэ хуитныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къащхьэщыжьынымкIэ Европэ конвенцэм.
- Илъэс 25-рэ и пкIэ (1983) Париж и гъэнэгъу Буживаль къыщызэIуахащ урыс тхакIуэшхуэ Тургенев Иван и унэ-музейр.
- Илъэс 75-рэ и пкIэ (1933) совет альпинист Абалаков Евгений дэкIащ СССР-м и бгы нэхъ лъагэ дыдэм - Сталиным и пикым (Памир), 1962 гъэм къыщыщIэдзауэ Коммунизмэм и пикщ, СССР-р лъэлъэжа иужь зэныбжьэгъугъэм и пикщ.
- ФокIадэм и 3 - 5-хэм Тбилиси щекIуэкIынущ НАТО-м и Советым и зэIущIэ.
- ФокIадэм и 3 - 5-хэм Лондон щекIуэкIынущ Дунейпсо ядернэ ассоциацэм и 33-нэ конференцыр.
- **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэ-ти 6-рэ дакъикъэ 33-м, къуэхьэжьыщ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 40-м.**
- **Махуэм и къэщIащ сыхьэт 13-рэ дакъикьи 7-рэ.**

Щхьэхуэ лъэпкъ

ХэкIэ зымыщIэ и гъубжэ дзагуэщ.

●Школ хъыбархэр

ГуфIэгъуэр йокIуэкI.

Дэрэжэгъуэ

ФокIадэм и 1-м 2008-2009 гъэ еджэгъуэщIэр яублащ. Дэнэкlи хуэдэу, ди республикэм и ныбжьыщIэ минхэм папщIэ я бжэр къызэIуахыжащ школхэм, гъэсапIэ унэхэм, нэгъуэщI сабий Iуэхущ1апIэхэм. Махуэшхуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхьхьэ щекIуэкIащ Щэджэм куейм хыхьэ Нартан хуэажэм сабий зеиншэхэр щапIу дэт Республикэ школ-интернатым.

ГУФIЭГЪУЭМ хуэщIауэ гъэщIэрэщIат абы и пщIантIэ хуитышхуэр. Дэнэкlи щыпIыагъэрт удз гъэтэхэмрэ щар гъэпца зэмыфэгъуэхэмрэ. ЕджакIуэ щыкIуэхэми зыкъраехырт, я нэгур дэрэжэгъуэ-рэ нэжэгужагъэкIи гъэнщат. Гъэ еджэгъуэщIэмкIэ абыхэмехьэхьэуну еджапIэм кьаухеблэгъат хьэщIэ куэд. Абыхэм ящыщщ Нартан къуажэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Фырэ Любэ,** «Нартан и К° » ООО-м и генеральнэ директор **Къудей Зубер**, нэгъуэщIхэри.

Ящэ уэзджынэр кьрагъэуа нэужь, гуфIэгъуэ зэIущIэр къыщIэIуихащ еджапIэм и унафэщ1, КъБР-м щыхубэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Алишанов Алий-СультIан**. Ар кIэщIу къытеувыIащ зи пашэ Iуэхущ1апIэм илъэс кIуам иIа екъуэлIэныгъэхэм, гъэмахуэ мазищым сабийхэм я зэманыр кьызэрыз зэгъэпэщащ и щытам, абыхэм я нэгу зэрызэра-гъэужьам. Апхуэдэу ар къытеувыIащ 2008-2009 гъэ еджэгъуэщIэм зэрызыхуагъэхьэзырармрэ я къаурр нэхьыбэу зыхуаунэтIыну Iуэхугъуэхэмрэ.

Адэкlэ еджапIэм къекIуэлIа хьэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зэрыкIуэ щкол-интернатым и гъэсэн щыкIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. Гулыитэ лей хуащIыт 2008 гъэм еджэн классым щIэтIысхьэ сабий 22-м. Абыхэми интернатым и адрей гъэсэнхэми хьэщIэхэр екъуэхьэщ гъэ еджэгъэщIэр узынщIэу, екъулIэныгъэ яIэу ирахьэкIыну, саугъэтхэри тыгъэ хуащIащ.

ЗэIущIэм и кIэухэу къызэхуэсахэм папщIэ еджакIуэ щыкIуэхэм уэрэд жаIащ, кьафэхэр ягъэззащIащ, гушыIэ теплъэгъуэхэр ягъэльэгъуащ.

ТОКЪУИЙ Иринэ.

Япэ уэзджынэм щIыкIуэхэр иреджэ



Гъэ еджэгъуэщIэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыру фокIадэм и 1-м ирихьэлIащ кьалащхьэм и школхэр. ЩIэныгъэ зрагъэгъуэтыным хуэнабгъуэ, я пашъхьэ-кIуэрэ кьаруущIэ зыхалъхьэу абыхэм екIуэлIэжа ныбжьыщIэ минхэм кьахуеуащ ящ уэзджынэр.

Сурэтым:Налшык дэт курыт еджапIэ №7-м. Ящ уэзджынэм теухуа гуфIэгъуэ зэхьхьэм.

Дэ ящыщ ирагъэблагъэхэм

Унэ уасэм хохъуэ

АБХЪАЗ. ***Экспертхэм къызэралъытэмкIэ, Осетие Ипщэм курыкъуэр теуа нужькIэ, Абхъазым псэупIэм и уасэм процент 8-кIэ щыхъуащ. Иужьыпстмэтр зэбгъуэзнатIэм доллар минищ жаIэ.***

УНЭ УАСЭХЭМ апхуэдэу щыхъхъуэм и щхьэусыгъуэр Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я щхьэ хущытыкъ зэрыкIыгъуэ щхьэхуэу дунейпсо зэгухьэныгъэм къыльытэну республикэм и цIыхухэм гугъэшхуэ зэрагъэIуа. Ауэ Iуэхур къыслъахъэ хамэ къэралхэм щыщхэм Абхъазым псэупIэ къыщащхуну хуит зыщI хабзэ зэрыщымыIэм.

Iэщ1агъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Абхъазым псэупIэ къыщIпщэхуным фейдэ пыIущ. Псалъэм папщIэ, Сыхъум къалэ метр зэбгъэзнатIэр ику иту доллар 800-1500-рэ щиуасащ. ИпIэсит1 и пэмIэ ар доллар 300-м щIигъуу щытакъым. Тенджызым пэгъунэгъу щыпIэхэм, унэхэм я уасэр нэхъри доуей.

ЛэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президентым и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритаткIэ, пружьым елэжь завод иджыблагъэ Адыгейск къалэм къыщызэIуахащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэхьщIэм хэтащ щыпатъэм я унафэщI ТхьэкIущынэ Аслъэнджэрий.***

ИлЪЭС зыбжанэкIэ мылажьуэ щыта пружь заводыр 2005 гъэм «Время» ООО-м къыщэхужауэ щытащ икIи зэман кIэщIым къриубыдэу къигъэщIэрэщIэжащ, иджырей оборудованэхэр щIигъэуващ, технологиещIэхэри кьеГъэсэбэп. Илъэсым къриубыдэу заводыр елэжьыфынущ прунж тонн мин 55-м. Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэр зэпимыкIэн щхьэкIэ прунж тонн мин 60 зыщIэхуэн элеватор яухуэ.

Заводым иджыпсту цIыху 80 щолажьэ, элеваторыр ирагъажьэу щытмэ, цIыху 40 IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Бзаджащ1эхэм япэщ1этщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и хабзэхъуэмрэ Iэнатlэхэм ирагъэкIуэкIа Iуущхьэ» оперативно-профилактикэ Iуэхугъуэм ирихьэлIэ, щIэн тонни 135-рэ иджыблагъэ ягъэсащ.***

«НАРКОТИКХЭР зезыгъаKIуэ щIэпхъаджащIэхэр сэтей къэтщIащ, наркотик, акъылыр зыгъэутхъуэ щIхьэхь лIэужьыгъуэу килограммии 10-м нэблагъэ къатетхащ, гъэпщкIуауэ щIэп къыщагъэкI щIыпIэ 14 къэтхутащ, - жиIащ хабзэхъуэм Iэнатlэхэм я лэжьакIуэ Сафиулинэ Анжеликэ.

ХЬЭЩIыкЪУЕЙОлег.

Адыгэшыр зэтегъэуцужьыным

●Тхьилъыщ1э

«Адыгэш лъэпкъыр къэгъэщIэрэщIэжьын» тхылъым и еханэ Iыхьэр дуней къытехьащ. Ар и Iэдакъэ къыщIэкIащ Урысейм и мэкъумэш академиеМ и академикэ Калашниковым Владимир.

АДЫГЭХЭМ къадэгъэугурыкIуа шы лъэпкъыфIыр къэгъэщIэрэщIэжьыным теухуа жэрдэм къыхилъхьауэ щытащ ди республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен. Абы и псалъэкIэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерысыкъыпхъэхэмкIэ и министерствэмрэ Шы лъэпкъыфI гъэхъунымкIэ Урысейм и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща комиссэ щхьэхуэм къыпщытащ Налшык къалэм къедза жылагъуэхэм, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэджэм, Лэскэн куейхэм, Адыгейм, Краснодар, Ставрополь крайхэм щагъэхьу шыхэм. Апхуэдэ лэжьыгъэ Словакиеми, Чехиеми, Польшэм, Германием щрагъэкIуэкIащ, сыту жыпIэмэ мы къэралхэм адыгэшым гулъытэшхуэ хуэзыщI шыхъуэхэм уащрохьэлIэ. Iуэхум къыхьыхьэну Австриеми, Франджым, Данием, Швейцариеми я Iэщ1агъэлIхэми ельэIуащ. Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерысыкъыпхъэхэмкIэ министерствэмрэ шы гъэхъунымкIэ ВНИИмрэ зэрызэдэлажьэнымкIэ зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэм адэкIи пащэнущ. Калашниковым и тхылъыр инжыныкъэбзэкIи зэдэзекIауэ кьыдагъэкIыну я мурадщ.

БЭРБЭЧ Борис.

●Дзэлыкъуэ куей

«Урысейм и пощт» IэнатIэм и тыгъэ

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым хыхьэ Сэрмакъ кьуажэр ди республикэм и жылагъуэ нэхъ инхэм ящыщ пэтми, альэандэрэ мыбы щылажьэр «Урысейм и пощт» IэнатIэм и зы Iуэхущ1апIэщ. Абы пыщIауэ гугъуехь куэд зэрыщIэм кьыхэкIыу кьуажэдэсхэм лъэIукIэ зыхуагъэзащ «Урысейм и пощт» Iуэхущ1апIэм и кьудамэу КъэбэрдейБалъкъэрым щыIэм. Сэрмакъдэсхэм я лъэIур ягъэззэщIащ зэман кIэщIым къринубыдэу. Кьуажэ пощтым и етIуанэ къудамэр мы махуэхэм къыщызэIуахащ Сэрмакъ дэт «Кавказ» кинотеатрым. Дзэлыкъуэ куей администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ ЗэкIурей Алий щыгъуазэ дыдэрищ1амкIэ, къуажэдэсхэм дяпэкIэ тхъэусыхафэ ямыIэжьи хуэдэу, пощтым и лэжьыгъэр зэтраубламкIэ: Iуэхущ1апIэм къыщащ зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI унафэщI, оператор, пощтэхьэу щы.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Аруан куей

Щ1ыуэфI зэманыр къагъэсэбэп

Аруан куейм и гъэзэгуэхуэ Iэнатlэм мы зэманым лэжьыгъэщхьэхуэщIэ Псыгуэнсу къуажэм.

КИЛОМЕТРИ4-рэ метр 600-рэ зи кIыхьагъ уэрам нэхъыщхьэр нэхъ бгъуэ ящ, абы щIэуэ асфальт тралъхьэж. Кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Црым Башир щыгъуазэ дыдэрищ1амкIэ, лэжьыгъэр кьыщыщIадзащ жылагъуэитIыр зэпызыщIэ лъэмыжым щегъэжьауэ бжьэпэм дэзыгъэзыкI гъуэгур зэгъэпэщжьынымкIэ. Абы кьыдэжкIуэу асфальт тралъхьэнущ Свердловым и щIэр зезыхьэ, Центральнэ уэрамхэми. 2009 гъэм Аруан ДРСУ-м мы кьуажэм и етIуанэ уэрам нэхъ кIыхь дыдэм, КIасэм и щIэр зезыхьэм, тепъ асфальтыр зэрихъужьынущ. Гъэзэгуэхуэхэм мы бжьыкъэ лъэхъэнэм. Псыгуэнсуэрэ Зэрэгъыжрэ зэпызыщIэ гъэзгуэм мывжкIэщхьэр тралъхьэнурэ псори зэдэуцу я зэгъэжэфэнущ, гъэ дызыхуэжкIэм щIэуэ асфальт зэрытралъхьэнум хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зэуэ.

●Шэрэдж куей

Губгъуэрыс хозяйствэм и Iуэхур йофIакIуэ

Джэрпэджэж къуажэм щызэхэт «Дружба» агрофирмэр Шэрэдж куейм щынэхьыфIхэм хабжэ.

ХОЗЯЙСТВЭМ и гъавэ щIапIэхэм я нэхьыбэкIыу, мэкъумэшыщIэхэр гъатхэ пасэм къыщыщIадзауэ апэ уэсыр къесыху абы щыIэжьэн хуей мэхъу. Абыхэм папщIэ а щIыпIэм тыншыпIэ псори зиIэ унэ щаугъуащ: псы щIыIэри хуабэри зэпымыууэ къэж, лэжьакIуэхэм я щхапIэ, зыгъэпсэхупIэ пэшхэр хуитщ, къабзэщ.

Мы илъэсым агрофирмэм зы гектарым хуэзэу гуэдзым щытащ 46-47-рэ, хьэуэ - центнер 42-рэ къытрихащ. Апхуэдэ гъавэ бэв Iуэхущ1апIэм къыщрихьэлIа къэхуэкъым. Иджы гъавэр зытета хьэсэхэр бжьыхьэсэм хуагъэхьэщIы. Абы тельа хьэуазэр зэкIуэцIапхэри гъэтIылъыпIэхэм щIалъхьэжащ, щIыр яваш. Дяпэкlэ Iуахыжьын хуейуэ къапэщылъщ сэхуранэ гектар 40, сиросыпхэкIэ нартыхуу гектар 30. Абыхэм я щытыкIэри фIы дыдэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и щIынатIэ Iуэхущ1апIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къет

2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

	2008 гъэм и япэ Iыхьэ ныкъуэм	2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэр 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процент	2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэр 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процент
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	103,3	108,6
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан	6090,7	103,5	101,1
Автомобиль транспортым хьэльэу игъэIэпхьаер, тонн-километр мелуан	76,2	127,7	104,6
Розницэ сатур, сом мелуан	18999,1	116,4	115,5
Щыхухэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэу хуащIар, сом мелуан	4739,9	100,1	100,0
«Ухуэныгъэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэмкIэ лэжьыгъэу зэфIагъэкIар, сом мелуан	1706,3	106,8	87,7
ПсэупIэ унэхэу хьэзыр щIар, метр зэбгъуэзнатIэ мин	78,6	80,7	102,5
ЩэхуакIуэ уасэхэр зэрыхьаер, процент	108,8[2)]	114,9	105,8
Промышленнэ товархэр кьыщIэзыгъэкIэм ягъэув уасэхэр здынэсар, процент	112,2[2)]	113,5	114,7
ХэкIым хуейкэр хэкIауэ кьэна ахьщэ хэхъуэхэр	-	118,0	118,4
Зы лэжьакIуэм хуэзэу ежь иту уахтха мазэ лэжьапщIэ, (хьэрычэтыщIэ Iуэху мыин зезыхьэхэр хэту): номинальнэу, сом	8675,1[1)]	132,2[3)]	128,6[3)]
ипэжыпIэкIэ	-	115,2[3)]	121,9[3)]
Организацэ инхэм, курытхэм я лэжьакIуэ бжыгъэр ику иту къыщIтауэ (хьэрычэтыщIэ Iуэху мыин зезыхьэхэр хэмыту), щIыху мин	129,5[3)]	98,9[3)]	100,0[3)]
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьалIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу яхтахэм я бжыгъэр, щIыху мин	29,7	80,8	88,7

2007 гъэм зыщIидза хэхъуэныгъэм 2008 гъэми пищащ. Экономикэ лэжьыгъэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэр (мэкъумэш хозяйствэм, щIым щIэпх хьугъуэфIыгъуэхэр кьыщыщIах, сырьем щелэжь, электрокъару, газ, псы кьащыIэрыхьэ икIи щытрагуашэ, ухуэныгъэ, транспорт, розницэ, оптсатуIэнатIэхэм щы хуэмерокдукцэу кьыщыщIагъэкIым, Iуэхутхьэбзэу щащIэм 2008 гъэм и щIышIэ-гъатхэпэ мазэхэм процентыр 5,4-кIэ щыхэхъуащ, 2007 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ.

Зыужьыныгъэм гу щылъыботэ **промышленностми. 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм а IэнатIэм кьыщалэжьым процентыр 3,3-кIэ хэхъуащ,** сырьем елэжь IэнатIэм кьыщIигъэкIыр процентыр 5-кIэ нэхъыбэ зэрищIам и хьэкъкIэ. Хэхъуэныгъэр нэхъ псынщIэу щокIуэкI ерыскъыпхъэ, машинэхэр, оборудованэ кьыщыщIагъэкI IэнатIэхэм - процент 17,2-рэ, процент 70.

Продукцэу кьыщIагъэкIым щыкIэрагъэхуащ щыхэIуащэ, щад, пхъэм кьыхэщIыкIа хьэпшыпхэр щагъэхьэзыр, гъуцIым щелэжь IэнатIэхэм.

ЩIы щIагъым щIэпх хьугъуэфIыгъуэхэу кьыщIахыр, электрокъаруэ, газу, псыуэ кьаIэрыхьэр, трагъашэр нэхъ мащIэ хьуащ зэрыгэкIэтыкIуэкIэ процент 1,9-кIэ, процентэ 3-кIэ.

ПсэупIэ ухуэныгъэр. 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм фэтэр 587-рэ хьэзыр щIащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатIэ мин 78,6-рэ хьуэу. Муниципальнэ щIыналъэхэм я гъэзэщIакIуэ властым и органхэм кьызэратамкIэ, уней ухуэныгъэ езыгъэкIуэкIэхэм псэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 68,2-рэ е псори зэхэту псэупIэу ягъэхьэзырам и процент 86,8-р я Iэдакъэ кьыщIэкIащ.

ПсэупIэ унэхэу яхуэхэм зэрыхэхъуар (метр зэбгъуэзнатIэ мин)



2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм **лжьыгъэм пыщIа обьектхэм** ящыщу лажьэу яутIыпщащ щIы щIыIу спутник станцу зы, связымкIэ радиотелефон станц зигъэIэпхьэу, номер мин 36,75-рэ иIэу.

Социально-щIидхабэ IэнатIэм и обьектхэм ящыщу хьэзыр ящIри ятащ еджакIуэ тIысыпIэ 793-рэ зиIэ курыт щIэныгъэ щрат Iуэхущ1апIэхэр, зы семенэм щыху 25-рэ зэкIуалIэ хьуну, кьуажэ щыпIэм щыIэ амбулаторэ-поликлиникэ Iуэхущ1апIэ, тIысыпIэ 700 зиIэ, клуб щыкIэу щыт щэнхабзэмкIэ Iуэхущ1апIэ, гъэузыпIэ 68-рэ зыщIэхуэ туристхьэщIэщ, псы хубомрер мини 5,8-рэ зэрыхуэн псы хьэмащIэхэр, псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километр 3,70-рэ, газ зэрыкIуэ бжьамийуэ километр 1,69-рэ, канализацэ бжьамийуэ километр 1,35-рэ яукъуэдияжщ.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэр. «Ухуэныгъэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъэ Iуэхугъуэхэу 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм сом зы мелардэр мелуан 706,3-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ, ар 2007 гъэм зыхуэфащэ лъэхъэнэм елытауэ процентри 106,8-рэ мэхъу.

Мэкъумэш щIэным, Iэщ гъэхъуным елэжь хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм мэкъумэшхэлIэ Iэщэжкъу сом мелардэ 6-рэ мелуан 90,7-рэ и уасэ къалэжащ, ар 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процентри 103,5-рэ мэхъу.

ЗэкIэ кьыхэзральытамкIэ, хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми 2008 гъэм мэкъумэш къэкIыгъэхэр гектар мин 290,6-м тращIауэ щытащ, а бжыгъэр гектар мин 111-кIэ (процентэ 3,9-кIэ) нэхъыбэщ 2007 гъэм ящIауэ щытам нэхъыр. Гъавэ къэкIыгъэхэм гектар мини 193,4-рэ (процентэ 4,9-кIэ нэхъыбэ), техническэ къэкIыгъэхэм - гектар мин 28,4-рэ (процент 15,4-кIэ нэхъыбэ), кIэрпIофым, хадэхкIэхэм, хъарбыз, хьэуан, къэ хуэдэхэм - гектар мин 29,9-рэ (процентэ 4,5-кIэ нэхъыбэ), мэкъумыпз къэкIыгъэхэм гектар мин 38,9-рэ (процентэ 7,3-кIэ нэхъ мащIэ) яубыдащ.

Мэкъумэш организацэхэм мэкъумэш къэкIыгъэхэм гектар мини 139,9-рэ, мэкъумэш (фермер) хозяйствэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм - гектар мини 131,6-рэ, щIыхуэм я хозяйствэхэм гектар мин 19,1-рэ щаубыдащ.

Мэкъумэш къэкIыгъэхэр къехьэлIэжьынымрэ йокIуэкI. 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьалIэу **гъавэр (партыкъэ хэмыту)** гектар мини 3,8-м щыIуахьжащ, тонн мин 11,5-рэ кьыщIаIуэкIащ. Зы гектарым хуэзэу гъавэ кьытрахар центнер 30 мэхъу.

Iэщ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я бжыгъэр 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьалIэу хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми щыхьащ:

Iэщыщхуэр - мин 223,5-рэ, абыхэм ящыщу жэмхэр - мини 103-рэ, кхъуэхэр - мин 28,7-рэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ - мин 289-рэ.

Щыхуэм я хозяйствэхэм яхуоэ Iэщыщхуэ бжыгъэм и процент 81,8-р, жэмхэм я процент 85,7-р, кхъуэхэм я процент 64,6-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 77,7-р.

Хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми Iыхьэ I лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм хуэдэу кьыщалэжьащ:

	2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм	2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процент
	тонн мин	
Лыуэ (яукIын щхьэкIэ, псэууэ щэчауэ)	24,3	103,7
ЩIуэ	144,1	103,4
ДжэдыкIэу, мелуан	77,1	105,8

ЦIыхухэм я хозяйствэхэм кьыщалэжьащ: лым и процент 65,2-р, шэм и процент 86,5-р, джэдыкIэм и процент 88,8-р; мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтэщIэхэм зэрыгъэкIэлыкIуэкIэ яхуоэ процент 19,6-рэ, процентри 5,6-рэ, процентри 4,5-рэ.

Организацэхэм, коммерческэ щIыкIэу хьэлъэхэр автомашинэхэмкIэ зыгъэIэпхьэуэ хьэрычэтыщIэхэм 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм хьэдэуэ тонн мелуани 2,3-рэ ягъэIэпхьащ, а бжыгъэр 2007 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 14,6-кIэ нэхъыбэщ, хьэлъэу кьрашэкIар тонн-километр мелуан 76,2-м нэсащ икIи процент 27,7-кIэ хэхъуащ.

АвтобусхэмкIэ, маршрут таксоморхэмкIэ щIыху мелуан 26,9-рэ, троллейбусхэмкIэ - щIыху мелуани 2,3-рэ кьрашэкIащ. Псоми кьаIэсэбэп автомобиль транспортым и зэфIэкIыр пассажир-километр мелуан 290,1-м нэсащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м кьызэритамкIэ, автомобиль гъэзэгухэм, псэупIэ щIыпIэхэм я уэрамхэм гъэзгъэIутIэIуу кьыщIыхьэм хэщIащ. Апхуэдэ къэхъукъащIэу 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм 307-рэ ятхащ, а бжыгъэр 2007 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процентри 6,4-кIэ нэхъ мащIэщ, транспорт зэжьэхэуэхэм щIыху 84-рэ хэкIуэдащ.

Республикэм связымкIэ и организацэхэм 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Iуэхутхьэбзэу ящIар сом зы мелардэр мелуан 300,9-рэ и уасэ хьуауэ къалытэ. А лжьыгъэр иджыпсту зекIуэ уасэхэмкIэ 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытатэмэ, процент 16,7-кIэ нэхъыбэщ. Связым и Iуэхутхьэбзэ псоми щыщу щIыхуэхэм хуащIар сом зы мелардэр мелуан 87,1-рэ и уасэ мэхъу, гъэ кIуам и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процент 12,2-кIэ нэхъыбэщ.

Республикэм и щхьэкIуэ рынокым 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм розницэ сатум хэту къэс щыхэхъуэурэ екIуэкIащ, ар кьыхэзыхIари щIыхуэм я ахьщэ хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъуащ. 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм розницэ сатууэ ящIар 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ящIауэ щытам процент 16,4-кIэ йобэкI икIи псори зэхэту сом мелард 18-рэ мелуан 999,1-рэ и уасэ хьуащ. Розницэ сатум щыщу зы щIыхуэм хуоэ сом 3553-рэ.

Розницэ сатум и процент 56-м нэблагъэр хьэпшыпхэр, ерыскъыкъэр зэхэмыхьэу, апхуэдэуи ахэр зэхэту щащэ товархэм яхуоэ. Ерыскъыгъуэ товархэу щIыхуэхэм ирашар сом мелардри 9-рэ мелуан 410,5-рэ и уасэм нос, ар товар бжыгъэкIэ къащIтэмэ, процентри 9,1-кIэ нэхъыбэщ 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ; ерыскъыгъуэу щымыт товарэу ящащ сом мелардри 9-рэ мелуан 588,6-рэ и уасэ е гъэ кIуам и япэ мазищым елытауэ процент 23,6-кIэ нэхъыбэ.

Экономикэм пыщIа организацэ псоми 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм опт сатууэ ящIар сом зы мелардрэ мелуан 938,3-рэ и уасэм нос, товар бжыгъэкIэ къэпльытэмэ, ар 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процент 1,1-кIэ нэхъыбэщ.

2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм и щIыхуэхэм **щIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу** сом мелардри 4-рэ мелуан 739,9-рэ и уасэ хуащIащ. Организацэхэм (хьэрычэтыщIэ Iуэху мыин зезыхьэхэр хэмыту) Iуэхутхьэбзэ псоми щыщу ящIам и процент 73,8-рэ яхуоэ.

Унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэу сом мелуан 561,4-рэ и уасэ ящIащ, а лжьыгъэр 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процентри 4,9-кIэ нэхъыбэщ. ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэхэу псори зэхэту ящIам и процент 11,8-рэ абыхэм яхуоэ.

ЗэрыщIэту Урысей Федерацием хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм хэпщIыкIыу щыкъэхъащ товархэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм, проценткIэ Iуэхутхьэбзэхэм, ар а лъэхъэнэм кьриубыдэу нэсащ процентри 108,8-м. Я уасэр нэхъ хэхъуащ ерыскъыпхъэхэм - процентри 10,7-кIэ, ерыскъыпхъэу щымыт товархэм - процентри 4,7-кIэ.

Илъэсым зэрыщIидзэрэ ерыскъыпхъэхэм ящыщу я уасэхэр нэхъ дэуещI кIэртIофым, сэхуар дагъэм, фо кьабзэм, макаронхэкIэхэм, хадэхэкIэхэм, крупанм, хьэжыгъэм, бдзэжьым, нэгъуэщI тендзыкъэхкI ерыскъыгъуэхэм, щIакхъуэм, щIакхъуэ-булкэхэкIэхэм, пхъащхъэмыщхьэм, шыгъэм, фошыгъэм, майонезым. Абы щыгъуэм и уасэм кIэрыхуащ джэдыкIэм.

Ерыскъыгъуэу щымыт товарэу зыкIэлъыплъхэм я уасэм илъэсым зэрыщIидзэрэ хэхъуащ: щIыдагъэхэкIэм, тхыль-газет, журнал хуэдэхэм, лъэпэд кIыхь-кIэщIкэм, галантереем, ювелир хьэпшыпхэм, хущхъуэхэм, трикотаж хьэпшыпхэм, уиэльащIэм, щыгъыным.

2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэми республикэм и экономикэм Iуэхугъуэ гугъуэу щыщытащ щIыхуэхэр зэхуэпшышыжыныр. 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьалIэу къалэн зыщащIыжахэмкIэ (кредитхэмкIэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ) организацэ инхэм, курытхэм, страховой организацэхэмрэ банкхэмрэ кьищынэмыщIа, зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэхэу сом мелардри 4-рэ мелуан 558,5-рэ ятельащ е псори зэхэту щIыхуэхэр зэрыхьуэм и процент 18,1-рэ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэ лIэужьыгъуэ псоми щыщу кредит щIыхуэм процент 86,7-рэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ щIыхуэм - процент 13,3-рэ яхуоэ.

2008 гъэм накъыгъэ мазэм и кIэм ирихьалIэу **зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэр** сом мелардри 3-рэ мелуан 951,7-м нэсащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэм и Iыхьэ ныкъуэм нэблагъэр (процент 49,8-р) хурагъэша продукцэм, хуэфIагъэкIа Iэужьыгъэм, Iуэхутхьэбзэхэм я щIэу я кьатена щIыхуэщ.

Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэр 2008 гъэм накъыгъэм и кIэм ирихьалIэу сом мелардри 2-рэ мелуан 624,8-рэ хьуэу щытащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу щэхуаIуэхэм яхэрыпхьа товарэм, хуэзфIагъэкIа лэжьыгъэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я щIэу я кьатенахэм яхуоэ (процент 92,8-рэ).

Лэжьапщ1эр тынымкIэ кьатехуа, зи пшынижыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэр (организацэхэм кьызэратамкIэ) 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьалIэу сом мелуан 0,8-рэ хьуэу щытащ икIи ар 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьалIэу зэрыхьуэу щытам елытауэ сом мелуан 0,2-кIэ е процент 25,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Лэжьапщ1эхэмкIэ кьатехуа щIыхуэу зи пшынижыгъуэ пIалъэр икIам и щытыкIэр (мазэм и япэ махуэм ирихьалIэу)



ЦIыхухэм я ахьщэ хэхъуэр нэхьыбэ хъуащ. 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ар сом мелард 38-рэ мелуан 439,8-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 33,8-кIэ хэхъуащ. Хэхъуэ кьабзэр (хэкIым хуейкэр хэкIауэ, зекIуэ щэхуаIуэхэм уасэхэр кьэльытауэ) процент 18-кIэ нэхьыбэ хъуащ.

Ику ит номинальнэ лжьапщ1эу зи лжьакIуэм хуэзэу (хьэрычэтыщIэ Iуэху мыин зезыхьэ организацэхэри хьыхьэу) 2008 гъэм и щIышIэ-накъыгъэ мазэхэм хуатхар, социальнэу ят ахьшэр хэмыхьэу, сом 8675,1-м нэсащ икIи 2007 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процент 32,2-кIэ, ику ит лжьапщIэ кьабзэр процент 15,2-кIэ нэхьыбэ хъуащ.

Накъыгъэ мазэм ику ит номинальнэ лжьапщIэр сом 9120,8-м нэсащ икIи щIыжьыхь мазэм елытауэ процентри 2,3-кIэ, 2007 гъэм накъыгъэ мазэм елытауэ - процент 34,3-кIэ нэхьыбэ хъуащ. ХэкIым хуейр псори хэкIауэ кьапщтэмэ, лжьапщIэр мэлыжьхьыс мазэм елытауэ процент 0,6-кIэ, 2007 гъэм накъыгъэ мазэм елытауэ процент 14,5-кIэ нэхьыбэ хъуащ.

Ику ит номинальнэ мазэ лжьапщIэр, хэкIым хуей псори зыхэкIа лжьапщIэ кьабзэр (социальнэ ахьщэр хэмыту) 2007-2008 гъэхэм зэрыхэхъуа (зэрыкъащIа) псынщIагъэр (2006 гъэм и дыгъэгъазэм проценткIэ елытауэ)



IэнатIэхэм лжьхащIэм иджыри зэщхьэщыкIынигъэхэр щаIэщ. Ар щынэхъ ину щытащ финанс лжьыгъэ езыгъэкIуэкI организацэхэм, щынэхь цIыкIуу - пхъэм, фэм хьэпшыпхэр кьыщIихащIыкI организацэхэм, мэкъумэш хозяйствэм, апхуэдэуи щыIэущ, щад IэнатIэм.

Цыхухэр лжьапIэ IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщIыныкIэ къэрал комитетым и органхэм **лжьапI1э ямыIэу**щIыху мин 29,7-рэ ятхащ. ЛжьапIэншагъэкIэ пособие къратыну хуитыныгъэ щIыху мин 28,9-м яIащ. Псори зэхэту лжьапIэншэу ятхахэм ящыщу щIыхуэхэм процент 61,5-рэ, илъэс 16-м кьыщыщIэдзащэ илъэс 29-м нэсыху ныбжьым хиубыдэ щIалэгъуалэм процент 28,2-рэ яхуоэ. ЛжьапIэншэу ятхахэм я нэхъыбапIэр - процент 63-рэ - кьуажэ щIыпIэм щопсэу.

КъБР-м ЦIыхухэр лжьыгъэ IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщIыныкIэ и къэрал комитетым и органхэм 2008 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм кьриубыдэу цIыху мылажьэ мини 3,7-м зыкъыхуагъэзащ лжьапIэ кьагъэтынымкIэ ядэIэпыкъуну къэльаIуэу. Абыхэм ящыщу щIыхуэхэр (хэхъуэ хэкIуапIэ) кьагъэтащ цIыху 900-м е 2007 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм елытауэ процентри 3,5-кIэ нэхьыбэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм, «Роспотребнадзорым» и щIыналъэ управленэу КъБР-м щыIэм хьэзыратамкIэ, 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм эпидемиологие щытыкIэр 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэ лъэхъэнэм елытауэ нэхъыфIу екIуэкIащ тэмакъ уэ зэрыщIалэхэмкIэ сымаджэхэр процентри 10,5-кIэ нэхь мащIэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ. Илъэсым зэрыщIидзэрэ узыфэ гуп лIэужьыгъуэ псомкIи сымаджэу ятхар щIыху мин 41,2-рэщ, 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ятхаущ щыта щIыху мин 45,6-м и пIкIэ.

Уз зэрыщIалэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу щIыхуэхэм нэхьыбэу кьайуэлIащ тэмакъ-вирус уз зэрыщIалэр (процент 87-рэ). КIэтIийI уз зэрыщIалэм процентри 4,6-рэ, фэрэкI узым - процентри 6,3-рэ яхуоэ. Хьэлъэу гепатиткIэ, бактериальнэ ныбажэкIэ, фэрэкIкIэ, педикулезкIэ, гонореекIэ сымаджэу ятхар нэхъ мащIэщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м кьызэритамкIэ, 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ялэжьа щIэпхьаджагъэу 4836-рэ ятхащ, 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ятхаущ щыта 6334-м и пIкIэ.

ЩIэпхьаджагъэхэу псори зэхэту ятха 1643-р (процент 34-р) хьэлъэхэм, хьэлъэ дыдэхэм хабжащ. Сэтей кьащIа щIэпхьаджагъэхэм ящыщу процент 32-р хьэлъэщ, хьэлъэ дыдэхэщ.

ЩIэпхьаджагъэ ину, хэхъэшхэу дыдэ зыIэрыгъэхьэным пыща щIэпхьаджагъэу 651-р ятхащ, а бжыгъэр 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ процент 14-кIэ нэхь мащIэщ.

ЩIэпхьаджагъэ ялэжьауэ сэтей кьащIахэр процент 17,7-кIэ нэхь мащIэ хъуащ икIи щIыху 1894-м нэсащ. Хэхъуэ кьэкIуапIэ зэпымыууэ зимыIэу щIэпхьаджагъэ зылэжьахэм процент 33,9-рэ, щIыхубзхэм процент 14,1-рэ, нэхьапэм зи суд ящIахэм процент 16,7-рэ хуоэ.

Зэкъ кьызэральытамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыху бжыгъэр 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьалIэу мин 891,4-м нэсащ. 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьалъхуауэ щIыху 5614-рэ, лIауэ 4156-рэ щатхащ, 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьалъхуахэр щIыху 4961-рэ, лIахэр – 4327-рэ хуэзэу щытащ.

2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ЗАГС-м и органхэм нэчыкъу 2647-рэ ятхащ, ар процентри 5,1-кIэ нэхъ мащIэщ блэкIа гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елытауэ. ЗэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэм процентри 5,8-рэ хэщIащ, процентри зэхэту 1127-рэ хъуащ. 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм щатха нэчыхь 1000 къэс хуэзэу 426-рэ кьутэжащ, 2007 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм - 429-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр статистикэ.

● Адыгэ цIэрыIуэхэр



Мысыр щIэныгъэлI цIэрыIуэ, тхакIуэ ал-Макъдиси Iэбу-Хьалид *(1416 - 1483 гъэхъ.)* **адыгэ мамлюкхэм къахэкIащ.**

● Нобэ Терроризмэм и бийуэ зэкъуэтыным и махуэщ

ЩIэпхъаджагъэм ущыпэщIэтыфынур

Терроризмэм и бийуэ зэкъуэтыным и махуэр 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м Къэрал Думэм къыхилъхьауэ щытащ, нужькIэ ФедерацэмкIэ Советыр арэзы техьуэри. УФ-м и Президентым абы теухуа Унафэм бадзэуэгъуэм и 22-м Iэ щIидзащ.

ТЕРРОРИЗМЭМ пэщIэтыным щызэхъуэтыныкмкIэ махуэр Урысейм щыщагъэувар 2005 гъэм фокIадэм и 1-3-хэм ди гъунэгъу Осетие Ищхьэрэ-Аланием и Беслъэн кьалэм щалэжьа щIэпхьаджагъэ ерурщ. Дунейпсо щыхубзм зэи ягу имыхужьнщ абы щыгъуэм къэхуар: фокIадэм и 1-м школым нэжэгужэ екIуэлIа сабий миным нэс, абыхэм я адэанэхэр, егъэджакIуэхэр Iэщэкъ зэщIэузэда щIэпхьаджащIэхэм яубыдат. Абы щыгъуэ цIыху 300-м щIигъу хэкIуадащ, я нэхъыбэр сабийуэ.

ФокIадэм и 3-м Урысейм ягу къыщагъэкIыж террорист щIэпхьаджагъэхэм хэкIуэдакэр, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIу зи псэр зытахэр.

Терроризмэ щIэпхьаджагъэр мы зэманым щытщ жылагъуэм шынагъуэ нэхъ ин дыдэ кьезыту. Аращ абы къару зэкъуэткIэ пэщIэувэн щыIуейр.

Терроризмэм и къуэпсыр жьжьэ къыщожьэ. Урысейр абы хуабжьу щигъэгулэзар XIX лIэщIыгъуэм и кIэухымрэ XX и пэщIэдзэмрэщ. А лъэхъэнэм кьаралым щалэжьащ террорист щIэпхьаджагъэ инхэр. Ахэр ялэжь лъпкъри динри кьызэрыфIэмыIуэху цIыху гущIэгъуншэхэм. Ахэр зыщIэбэныр зыщ: сыт хуэдэ IэмалкIи я мурадыр зрагъэхъулIэныщ. Апхуэдэ цIыхухэм зы лъапIэныгъэ гуэри иIэкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, дунейм и щIыпIэ куэдми хуэдэу, иужьрей зэманым Урысейри хэтщ терроризмэм пыща щынагъуэм. Апхуэдэ щIэпхьаджагъэхэр щалэжьауэ щытащ къаралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, абыхэм Москваи яхэту. Абыхэм цIыхухэр щагъэгулащ Долгодонск, Каспийск, Буденновск, нэгъуэщI кьалэхэми. Терроризмэм и лигъэр кьыплъэIэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрми. Ди цIыхухэм зэи ящыгъупщэнкъым 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Налшык щыщыхьуэ гуэур.

Терроризмэм кьыпкъырыкI гузэвэгъуэм Урысейм и мызакъуэу, дуней псори хэтщ. Абы зы къэрали щыхъумэ хьуркъым. Псоми ящIэж 2001 гъэм фокIадэм и 11-м США-м и щIыпIипщым щалэжьа террорист щIэпхьаджагъэ инхэр. КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэрапхуэдэ зэхъуэщагъэм кIэщI-кIэщIуэрэ егъэгулэз.

Сыт хуэдэ мурад ямыIэми, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ ямылажьами, террорист Iуэхугъэ зэрыбгъэзэхуэфын щыIэкъым. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэ щIэпхьаджагъэ лIэужьыгъуэхэм сыт щыгъуи хэкIадэхэр лажьэ зимыIэ цIыхухэрщ.

Аращ дуней псор зэкъуэту терроризмэм пэщIэувэн щыIуейр. Игъуэ хъуащ сыт хуэдэ терроризм лIэужьыгъуэри цIыхугъэмрэ гъащIэмрэ я бийуэ зэрыщытыр кьагурыIуэу псори зэгухэну. ИтIанэщ терроризмэр кьыщызэтрагъэувы-IэфынкIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэхэр къызэпауд

Бахъсэн районым и прокуратурэм сэтей къыщIащ «Къэбалъкъгаз» ОАО-м и «Бахъсэнгаз» къудамэм и абонент IэнатIэм пэмыкIыгагъэ хэлъу хабзэхэр къызэрыпызэпаулыр.

